



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW ROCHELLE KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA
NAN MID-HUDSON VALLEY LA NAN KAD DEZYÈM FAZ INISYATIV
REVITALIZASYON ANBA LAVIL LA**

*Eta a pral Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson nan
pou Revitalize Anba Lavil New Rochelle*

*Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou
yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la*

*Investisman pou Revitalizasyon Anba Lavil yo Se Yon Pati Krisyal nan Estrateji
Global Hudson Valley lan pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Koridò Lincoln Avenue New Rochelle pral resevwa 10 milyon dola finansman kòm gayan Mid-Hudson Valley nan kad twazyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak nan de premye faz DRI a yo, yo chwazi yon minisipalite nan chak 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo kòm yon gayan 10 milyon dola, sa ki ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou sible 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo lè yo ap transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik kote pwochè jenerasyon moun New York yo pral vle viv, travay ak elve yon fanmi.

“Koridò Lincoln Avenue New Rochelle la se yon zòn ki mi ak potansyèl pou atire yon nouvel jenerasyon rezidan, biznis ak vizitè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo finansman sa a pral debouche sou investisman estratejik ki pral akselere kwasans ekonomik pozitif pou New Rochelle, Konte Westchester ak rejyon ozalontou an.”

“Finansman enpòtan nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap ede kominote atravè eta a pousuiv pwojè devlopman lokal ak transfòme anba lavil yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nan kad DRI, Koridò Lincoln Avenue nan New Rochelle pral kontinye revitalize ak devlopman itilizasyon melanje, k ap konekte zòn rezidansyèl ak biznis komèsyal pou asire ke katye a ap pwospere.. Investisman sa a pral pote resous ki nesèsè yo pou amelyore kalite lavi pou rezidan yo ak estimile ekonomi vil la, Konte Westchester, ak tout rejyon an.”

New Rochelle

Ak prim DRI a, New Rochelle pral konekte sant vil li k ap evolye ak pwospere ak Koridò Lincoln Avenue a ki gen longè yon mil ki genyen lojman plizyè tip salè, yon lopital ki fèk

renove, espas vèt, yon Estasyon Tren Metro North ansanm ak yon pati Atizay vil la ak Kilti Distri a (Arts and Cultural District). Plan Envestisman Estratejik (Strategic Investment Plan) Anba Lavil New Rochelle la pral bati sou envestisman piblik-prive enpòtan ki te fèt nan dènye ane yo pou stimile devlopman komèsyal, rezidansyèl ak plizyè itilizasyon nan vil la. Envestisman DRI yo pral mobilize resous vil la ak envestisman prive yo pou fòje koneksyon ant katye rezidansyèl nan pòsyon nò koridò a ak resous komèsyal, enstitisyonèl ak kiltirèl ki nan sid la. Vil la anvizaje amelyorasyon nan enfrastrikti ki pral amelyore sikilasyon pyeton ak machin epi etann konsepsyon dirab, pou mache ak ki oryante tranzit nan koridò sa a pou kreye yon anviwònman k ap bouje kote yon moun k ap viv ak travay.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan (Mid-Hudson Regional Economic Development Council) te pase atravè yon pwosesis revizyon konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan kominote yo ki atravè rejyon an, epi konsidere tout ywit kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande New Rochelle kòm chwa li pou gayan:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an;
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo;
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon Plan Envestisman Estratejik DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa New Rochelle lan nan kad twazyèm faz DRI a ba li dwa pou li resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman eta pou revitalize katye anba lavil li yo epi kreye nouvèl opòtinite pou kwasans alontèm. New Rochelle koune a vin konekte ak Vil Middletown ak Kingston, ki se te gayan nan Mid-Hudson nan premye ak dezyèm Etap DRI a, respektivman.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Anba lavil motivan ak atiran vital pou avni ekonomik nou epi prim sa a pral ede revigore New Rochelle ak nouvo devlopman, enfrastrikti amelyore ak pi gwo opòtinite”.

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Atravè New York n ap rekonpanse kominote ki merite sa pou planifikasyon inovativ yo ak ide kreyatif yo pou revitalizasyon. Koridò Lincoln Avenue New Rochelle la mi pou kwasans ak

investisman, epi Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a pral livre resous pou pwojè ki ka fè yon vrè diferans nan katye a ak pi lwen”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, “Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a, investisman k ap fèt sou direksyon kominote sa yo pral melanje ak investisman 818 milyon dola HCR ap fè nan rejyon Mid-Hudson Valley a pandan dènye setan ki sot pase yo ki te kreye lojman abòdab pou apeprè 28,000 rezidan pou ede asire ke ekonomi New Rochelle lan devlope, epi tout Nouyòkè gen opòtinite pou yo patisipe. Nan Eta New York, nou chance pou nou gen yon Gouvènè ki konprann jan pou konstwi reyisit ekonomik enkliziv alontèm”.

Senatè Andrea Stewart-Cousins te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a pral bay Koridò Lincoln Avenue New Rochelle la resous li bezwen pou estimile kwasans atravè kominote a. Sa a se yon jou fyète pou kominote New Rochelle la epi mwen felisite Gouvènè a pou pwojè sa a”.

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, “Koridò Lincoln Avenue New Rochelle la poze pou li tounen yon kominote motivan ak yon motè ekonomik nan Hudson Valley. Gras ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè a, New Rochelle pral kontinye konstwi sou fondasyon solid li a ak mennen sou plis devlopman ak travay”.

Donald Christian, Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson te di, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon pati enpòtan nan siksè metòd rejyonal Gouvènè a pou kreye potansyèl ekonomik nan rejyon Mid-Hudson. Pwopozisyon twazyèm faz New Rochelle la bay egzanp sou sa ki priorite Konsèy la ak kritè esansyèl yo. M ap tann ak enterè pou wè plan sa a pote fwi, ansanm ak gwo avantaj pwojè sa a pral pote pou New Rochelle, rezidan li yo, ekonomi a ak byennèt rejyon an”.

George Latimer, Egzekitif Konte Westchester, di konsa, “Devlopman sant iben Westchester sa a vital pou devlopman ekonomik Westchester. Gras ak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo a, New Rochelle pral dènye egzanp sou ki fason investisman nan yon kominote pote avantaj pou Westchester sou plan global - finalman debouche sou avantaj nan tout Konte a”.

Majistra New Rochelle la Noam Bramson te di, “Ak New Rochelle ki se dènye gayan an, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la kontinye pwouve li se yon motè ekonomik pou kominote atravè eta a. Nou fyè dèske nou resevwa prim sa a ki pral kreye opòtinite estimilan pou New Rochelle, rizidan li yo, biznis ak vizitè yo”.

New Rochelle pral kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon ki ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik pou New Rochelle lan pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Investisman

Estratejik pou Koridò Lincoln Avenue a pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou twazyèm faz DRI a pral fin konplete an 2019.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ale sou www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)